



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 8/9/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTRA AVÈK EXELON POU ASIME PWOPRIYETE  
EPI KONTINYE OPERASYON NAN IZIN NIKLEYÈ JAMES A. FITZPATRICK**

***Kontra pral anpeche fèm ti posibilite izin FitzPatrick, izin nan kap konitnye fonksyone  
pral ekonomize apeprè 600 djòb epi kenbe \$500 Milyon nan aktivite ekonomik  
anyèl***

***Anpeche tou 3 milyon tòn nan emisyon gaz greenhouse chak ane – Ekivalan pou  
retire plis pase 600,000 veyikil sou wout la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Exelon Generation te dakò pou l asime pwopriyete ak jesyon izin nikleyè James A. FitzPatrick nan Scriba. Kontra pou kontinye operasyon nan izin lan pral ekonomize apeprè 600 travay wo pèfòmans ki peye byen, ranfòse kontribisyon izin nan de \$500 milyon pa ane nan aktivite ekonomik rejyonal, epi evite twa milyon tòn emisyon kabòn chak ane – sa ki reprezante apeprè 10 pousan nan ekonomi kabòn eta. Etablisman an, ke Entergy posede aktyèlman, bay ase elektrisite san kabòn pou rive a enèji pou plis pase 800,000 kay gwosè mwayèn. Gouvènè a te fè anons lan nan yon rasanbleman an sipò pou izin FitzPatrick nan Konte Oswego.

“Konsève FitzPatrick se yon viktwa fòm idab pou Central New York ansanm avèk tout eta, sa ap konsève plizyè santèn djòb epi kenbe yon sous enèji fyab ki san kabòn pou Nouyòk yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Operasyon kontinyèl FitzPatrick esansyèl pou alafwa ekonomi rejyonal la ansanm avèk efò peyi nou an ap fè pou alimante eta avèk 50 pousan enèji renouvlab nan 2030. Mwen apresye efò Entergy ak Exelon, ansanm avèk travay di ekip nou an nan eta, sa ki gen ladan Komisyon Sèvis Piblik, New York Power Authority ak NYSERDA pou konsève travay Fitzpatrick, redwi nan fason enpòtan emisyon greenhouse, ak ede bati yon avni dirab pou pitit ak pitit timoun nou yo.”

Akò istorik sa ant Exelon ak Entergy te posibilite gras a Gouvènè Cuomo ki te fasilite tranzaksyon an ant de konpayi yo nan dènye mwa ki sot pase yo, ansanm avèk standa vizyon Enèji Pwòp li a (Clean Energy Standard, CES) – manda ki pi konplè ak anbisyè nan istwa eta pou lite kont chanjman klima, redwi polisyon lè danjere, epi asire yon apwovizyonman enèji fyab ak dirab nan yon pri abòdab. Standa Enèji Pwòp la bay yon pon sipò pou izin nikleyè nan upstate pou asire ke yo soutni pwogrè enpòtan nan emisyon gaz greenhouse nan izin nikleyè upstate kòm eta ap travay nan bi pou reyalize objektif li pou jenere 50 pousan elektrisite New York apati sous enèji renouvlab tankou van ak solè nan 2030.

Kenbe enèji nikleyè zewo-emisyon gaz la se yon eleman enpòtan nan objektif klimatik anbisye New York yo.

“Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap kontinye pou l yon modèl pou lòt eta yo nan konbat chanjman klima,” **te deklare Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance pou New York.** “Kenbe resous enèji pwòp sa fonksyonèl vle di New York pap pèdi pwogrè nou te fè deja nan redwi emisyon kabòn danjere pandan nap ogmante sous renouvlab pou reponn a manda Gouvènè a pou 50 pousan nan enèji renouvlab nan 2030. Etap ke nou te pran jodia se bon nouvèl pou kominote Oswego a, ansanm avèk pou tout Nouyòkè yo.”

“Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te bay lidèchip nan kreye standa enèji pwòp,” **te deklare Prezidan Komisyon Sèvis Piblik Audrey Zibelman.** “Kòm yon rezilta nan inisyativ demaraj sa, nou pral atenn objektif nou pou jenere mwaye nan elektrisite nou apati resous renouvlab nan 2030 pandan lap redwi emisyon kabòn, epi ede ekonomize pwochen jenerasyon yo sou agravasyon enpak nan chanjman klima.”

Asire operasyon kontinyèl izin nikleyè elektrik nan nò eta enpòtan pou reponn a standa enèji pwòp eta, ekonomi ak anviwonman an. Daprè yon gwoup analis Brattle, izin Upstate la konte pou apeprè 24,800 nan travay dirèk ak endirèk aplentan nan eta, \$144 milyon nan revni taks anyèl nèt eta, sa ki gen ladan plis pase \$60 milyon nan taks pwopriyete lokal ak eta chak ane, epi evite preske 16 milyon nan emisyon kabòn diyoksid, sa ki egal a yon valè sosyal de preske \$700 milyon chak ane ki baze sou estimasyon federal. FitzPatrick sèlman konte pou \$17.3 milyon nan taks lokal sou pwopriyete ki sipòte sèvis enpòtan pou gouvènman lokal ak lekòl yo.

Daprè akò a, Entergy pral transfere lisans operasyon Fitzpatrick bay Exelon pou \$110 milyon. New York Power Authority te dakò pou l transfere fon afektasyon spesyal ak demantèlman responsabilite pou FitzPatrick a Entergy, e si yo jwenn apwobasyon règlemantè yo ak tranzaksyon an finalize, Entergy kidonk ta transfere lajan ansanm avèk responsabilite ki gen rapò avèk Exelon. Fèmte tranzaksyon an depandan sou revizyon règlemantasyon ak apwobasyon pa ajans eta ak sena, sa ki gen ladan Depatman Jistis Etazini, Komisyon Règlemantè Nikleyè, Komisyon Règlemantè Enèji Federal ak Komisyon Sèvis Piblik Eta New York. Tranzaksyon an prevwa pou l finalize nan dezyèm trimès 2017.

Apwobasyon CES vle di Exelon pral re-envesti plizyè milyon dola nan inite nikleyè yo, sa ki gen ladan apeprè \$400-500 milyon nan operasyon, entegrasyon ak re-alimante depans pou izin yo nan prentan 2017, yo tout pral gen yon enpak pozitif nan eta. Exelon te angaje pou l re-alimante FitzPatrick nan mwa Janvye 2017 e li pa antisipe chanjman nan nivo anplwaye nan izin lan, sa ki anplwaye nòmalman 600 moun.

Exelon opere de lòt etablisman enèji nikleyè nan upstate New York: R.E. Ginna ak Nine Mile Point, dezyèm nan adjasan a FitzPatrick. Ansanm, de izin Exelon nan nò eta ap bay elektrisite ki san kabòn a plis pase 2.5 milyon kay ansanm avèk biznis pandan lap

anplwaye plis pase 1,500 anplwaye aplantan.

**Prezidan ak Ofisye Egzekitif anchèf Exelon Chris Crane te deklare,** “Nou remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk administrasyon li a pou patisyon yo nan fasilite akò sa pou konsève FitzPatrick. Lidèchip li sou CES ak konsève byen zewo emisyon kabòn te vrèman pozisyon New York kòm lidè peyi a nan enèji pwòp.”

**Prezidan ak Ofisye Egzekitif anchèf Entergy Leo Denault te deklare,** “Nou ta renmen remèsye Gouvènè New York Andrew Cuomo ansanm avèk administrasyon li a paske yo te pwogresif nan valorize atribi san kabòn ke izini elektrik nikleyè a ap bay.”

**Senatè Patty Ritchie te deklare,** “Izin Nikleyè FitzPatrick entegral nan ekonomi ansanm avèk anviwonman nou an, avèk anpil nan rezidan ak vwazen nou yo ki depann sou etablisman an pou travay ak yon sous elektrisite fyab. Mwen kontan paske Gouvènè Cuomo ansanm ekip Exelon te rive jwenn yon akò ki pral pèmèt rejyon sa kenbe 600 travay ki peye byen kap sipòte ekonomi nou an. Akò sa se yon temwayaj sou sipò Gouvènè a pou kenbe yon ekonomi kap pwospere ansanm avèk yon bon jan kalite klima isit la nan Central New York.”

**Manm Asanble William Barclay te deklare,** “Akò sa se yon mouvman esansyèl nan garanti yon anplwayè enpòtan ak motè ekonomik pou Central New York. Non sèlman li pral konsève plizyè santèn djòb, men li pral pozisyon tou kominote nou an kòm yon jwè konpetitif nan endistri enèji pwòp la. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk entèvenan yo paske yo te negosye akò sa a – ansanm nap pran yon etap enpòtan nan bi pou reponn a objektif enèji dirab nou an pandan lap konsève travay demen yo.”

**Prezidan IBEW Local 97 & Prezidan Konsèy Travay Sèvis Piblik Ted Skerpon te deklare,** “Izin sa te ede nan fòmè klas mwayèn Oswego pou travay ki peye byen epi bay yon vas opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Akò jodia pral chita sou angajman eta sa pou gason ak fi Konte Oswego epi ede asire pwochen kwasans rejyon sa ak pwosperite. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo nan angajman l pou asire ke izin nan rete ouvè e map rete tann pou n travay ansanm kòm nap kontinye fè Oswego yon lokal ki gen anpil valè pou viv ak travay.”

CES chita sou pwogrè ki te fèt nan Standa Pòtfèy Enèji Renouvlab New York e li se yon konpozan nan Refòm Vizyon Enèji, strateji Gouvènè Cuomo a pou lite nan chanjman klima epi devlope ekonomi New York nan bati yon sistèm enèji a bon mache ak pi rezistan, pi pwòp pou tout Nouyòkè yo. Daprè RPS, 65 pwojè enèji renouvlab a gran echèl te devlope nan eta, ajoute apeprè 2,000 megawatts kapasite renouvlab nan mache enèji New York la, avèk pwojè anplis ke yo prevwa pou fini byento daprè faz final nan pwogram RPS la.

###